

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara ilmiah nu dipaké ku panalungtik pikeun nyangking data kalawan ngahasilkeun tujuan nu tangtu (Sugiyono, 2016, kc. 2). Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif, kalawan ngagunakeun pamarekan kualitatif.

Panalungtikan kualitatif, nurutkeun Mulyadi (2011, kc. 131) panalungtikan kualitatif leuwih museur kana diri panalungtik salaku instrumén. Ku sabab éta, panalungtik kudu bisa ditarima ku informan jeung lingkungan sabudeureunna ambéh bisa meunangkeun data anu teu nyampak, nyaéta data-data anu kapedar tina basa tutur, basa awak, paripolah atawa ungkara-ungkara nu mekar di dunya atawa lingkungan informan. Umumna, panalungtikan kualitatif medar ngeunaan hal-hal nu aya di sabudeureun lingkungan alamiahna, maham atawa medar fénoména dumasar kana ma'na-ma'na nu ditepikeun ku jalma balaréa (Norman dina Deddy, 2018, kc. 7). Sacara konvensional panalungtikan kualitatif nyoko kana kahayang panalungtik pikeun nalaah ma'na, kontéks, tur hiji pamarekan holistik ngeunaan fénoména nu aya (Hayes dina Deddy, 2018, kc. 7).

Bogdan & Biklen (dina Rahmat, 2009, kc. 2-3) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif mangrupa salah sahiji prosedur panalungtikan nu hasilna mangrupa data déskriptif nu eusina omongan atawa tulisan tur laku lampah jalma-jalma nu ditalungtik. Panalungtikan kualitatif miboga tujuan pikeun medar pamahaman nu sipatna umum dumasar kana kanyataan sosial tina perspéktif partisipan. Éta pamahaman teu ditangukeun di awal panalungtikan, tapi dihontal sanggeus ngalakukeun analisis ngeunaan kanyataan sosial nu jadi fokus panalungtikan.

Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 16) métode panalungtikan kualitatif sok disebut métode artistik, sabab prosés panalungtikanna leuwih nyoko kana sipat seni (teu miboga pola sacara gembleng). Métode panalungtikan kualitatif ogé sok disebut métode panalungtikan naturalistik, sabab panalungtikan dilakukeun dina kaayaan nu alamiah atawa *natural setting* (Sugiyono, 2019, kc. 17).


Arikunto, spk. (2013, kc. 31) nétélakeun yén kabudayaan mangrupa salah sahiji tina opat dasar filosofis nu miboga pangaruh dina panalungtikan kualitatif,

kabudayaan salaku hasil budi daya manusa nu miboga wujud jadi laku lampah atawa pakakas, basa, simbol, jeung sajabana. Kabudayaan aya di sabudeureun kahirupan manusa, matak kabudayaa miboga pangaruh pikeun laku lampah atawa naon anu dipilampah ku manusa.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa tahapan panalungtikan atawa prosedur dina rarancang panalungtikan, ogé sakabéh prosés atawa gambaran panalungtikan.

Désain panalungtikan nu digunakeun, dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan


3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

Lokasi jeung sumber data dina ieu panalungtikan, dipedar saperti ieu di handap.

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi nu dijadikeun tempat panalungtikan nya éta Désa Cimandé Kacamatan Ciawi Kabupatén Bogor. Legana Désa Cimandé nya éta \pm 335 Ha, kalayan wates:

- Wates kulon : Désa Lemahduhur
- Wates kalér : Désa Pancawati
- Wates wétan : Kabupatén Sukabumi
- Wates kidul : Désa Lemahduhur



Gambar 3.1 Peta Lokasi Panalungtikan

3.2.2 Kondisi Sosial Masyarakat di Désa Cimandé

Kondisi sosial budaya masyarakat di Désa Cimandé, ngawengku cacah jiwa (démografi), atikan, agama, pakasaban, jeung basa.

1) Cacah Jiwa (Démografi)

Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor miboga 17 RT, 4 RW jeung 2 Dusun. Penduduk di ieu désa aya 7.385 jiwa, nu ngawengku 1.825 kartu keluarga (KK). Leuwih jentréna bisa katitén tina data ieu di handap.

Tabél 3.1 Jumlah cacah jiwa di Désa Cimandé taun 2022

No.	Wanda Baga	Jumlah	Presentase (%)
1.	Lalaki	3.857	52%
2.	Awéwé	3.528	48%
Jumlah		7.385	100%

Annisa Rizkyani, 2022

UPACARA ADAT NGABUNGBANG DI DÉSA CIMANDÉ KACAMATAN CARINGIN KABUPATEN BOGOR
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP/MTS KELAS VIII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) Atikan

Di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor aya sababaraha lembaga atikan, boh formal boh non-formal, boh negeri boh swasta. Ieu di handap mangrupa tabel jumlah sakola nu aya di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor

Tabél 3.2 Jumlah Sarana Atikan di Désa Cimandé taun 2022

No.	Lembaga Pendidikan	Jumlah	Presentase (%)
1.	PAUD	4	34%
2.	TK	-	-
3.	SD Negeri	1	8%
4.	SMP Negeri	-	-
5.	SMA Negeri	-	-
6.	Madrasah Ibtidaiyah (MI)	3	25%
7.	Madrasah Tsnowiyah (MTs)	1	8%
8.	Madrasah Aliyah (MA)	-	-
9.	Diploma	-	-
10.	Universitas	-	-
11.	Madrasah Diniyyah	3	25%
Jumlah		12	100%

Mayoritas tingkat atikan masarakat Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor ayeuna nyaéta tamatan SMA, sababaraha taun ka tukang masih loba masarakat nu ngan saukur tamatan SD. Ngan ayeuna, geus kawangun kasadaran dina diri masarakat ngeunaan pentingna élmu pangaweruh di sakola.

Tabél 3.3 Jenjang Pendidikan Masarakat di Désa Cimandé taun 2022

No.	Jenjang Pendidikan	Jumlah	Presentase (%)
1.	Tamat TK/TPA/PAUD	98	5%
2.	Tamat SD	1.234	60%
3.	Tamat SMP	242	11%
4.	Tamat SMA	452	22%
5.	D1 – D3	13	0.75%
6.	S-1	10	0.60%

Annisa Rizkyani, 2022

UPACARA ADAT NGABUNGBANG DI DÉSA CIMANDÉ KACAMATAN CARINGIN KABUPATÉN BOGOR
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP/MTS KELAS VIII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

7.	S-2	5	0.30%
8.	S-3	6	0.35%
Jumlah		2060	100%

3) Agama

Sakabéh masarakat Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor ngangem agama Islam, aya sababaraha sarana ibadah di ieu désa, nyaéta

Tabél 3.4 Jumlah Sarana Ibadah di Désa Cimandé taun 2022

No.	Jenis Tempat Ibadah	Jumlah	Presentase (%)
1.	Masigit Jami	12	20%
2.	Mushola	25	42%
3.	Majelis Taklim	17	29%
4.	Pondok Pasantrén	5	9%
Jumlah		59	100%

Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor miboga pangaosan rutin hususna pikeun ibu-ibu. Unggal poé, aya jadwal ngaji di majelis taklim anu béda. Dina éta pangaosan téh umumna aya ceramah tina ustad nu béda. Lamun budak, biasana sok ngaji ka unggal ustad nu aya di atawa sabudeureun Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor.

4) Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor ngawengku sababara widang, nyaéta

Tabél 3.5 Pakasaban Masarakat di Désa Cimandé taun 2022

No.	Pakasaban	Jumlah	Presentase (%)
1.	PNS	26	3%
2.	PNS Polri	1	0.16%
3.	PNS TNI	2	0.32%
4.	Pensiunan PNS/TNI/Polri	6	0.90%
5.	Karyawan swasta	92	11%
6.	Wiraswasta	140	16%
7.	Pedagang	56	6%
8.	Patani	511	58%

9.	Buruh Tani	35	4%
10.	Pamulung	4	0.62%
Jumlah		873	100%

5) Basa

Basa nu digunakeun ku masarakat Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor pikeun komunikasi sapopoé nyaéta basa Sunda, tapi nalika acara-acara penting atawa resmi biasana sok aya nu maké basa Indonesia.




3.2.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa réferénsi boh buku, boh jurnal anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Tapi, sumber data utamana nyaéta hasil wawancara sesepuh (jalma anu dikolotkeun), panata calagara ngabungbang, tur perangkat désa di Désa Cimandé Kacamatan Ciawi Kabupatén Bogor. Salian éta, jalma atawa warga masarakat nu rumaja, déwasa tur orang tua ogé bakal jadi sumber data dina ieu panalungtikan.

Data panalungtikan nyaéta sakabéh hasil nu kakumpul tina buku, jurnal jeung wawancara ngeunaan upacara adat ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Ciawi Kabupatén Bogor.

Tabél 3.6 Data Idéntitas Informan

No.	Data Idéntitas Informan	Poto
1.	Wasta : Muhammad Duyéh Sahrudin Yuswa : 70 taun Wanda Baga : Lalaki Pakasaban : Patani Kalungguhan : Sepuh di Désa Cimandé Padumukan : Kp. Tarikolot RT 09 RW 03 Ds. Cimandé Kec. Caringin Kab. Bogor	

1.	<p>Wasta : Jajang Yuswa : 46 taun Wanda Baga : Lalaki Pakasaban : Wiraswasta Kalungguhan : Jalma nu dikolotkeun di Désa Cimandé tur salah sahiji pamilik “Saung Pelestarian Penca Pusaka Cimandé” Padumukan : Kp. Tarikolot RT 08 RW 03 No. 08 Ds. Cimandé Kec. Caringin Kab. Bogor</p>	
2.	<p>Wasta : Acéng Sukron Yuswa : 30 taun Wanda Baga : Lalaki Pakasaban: : Wiraswasta Kalungguhan : Jalma nu dikolotkeun dina susunan panata calagara Upacara Adat Ngabungbang Padumukan : Kp. Tarikolot RT 09 RW 03 Ds. Cimandé Kec. Caringin Kab. Bogor</p>	
3.	<p>Wasta : Muhamad Asép Syarif Hidayat Yuswa : 22 taun Wanda Baga : Lalaki Pakasaban : Wirausaha Kalungguhan : Panata Calagara Ngabungbang Padumukan : Kp. Tarikolot RT 09 RW 03 Ds. Cimandé Kec. Caringin Kab. Bogor</p>	

4.	<p>Wasta : Herlan Budiman Yuswa : Lalaki Wanda Baga : 42 taun Pakasaban : Aparatur Désa Cimandé Kalungguhan : Girang Serat Désa Cimandé Padumukan : Kp. Nanggoh Babakan RT 02 RW 01 Ds. Cimandé Kec. Caringin Kab. Bogor</p>	
5.	<p>Wasta : Mochamad Gilang Saputra Yuswa : 30 taun Wanda Baga : Lalaki Pakasaban : Karyawan BUMN Kalungguhan : Masyarakat Umum Padumukan : Griya Caringin Permai Blok B No. 7 Kec. Caringin Kab. Bogor</p>	
6.	<p>Wasta : Bunga Arsy Febriani Umur : 29 taun Wanda Baga : Awéwé Pakasaban : Guru SMP Kalungguhan : Masyarakat Umum Padumukan : Griya Caringin Permai Blok B No. 7 Kec. Caringin Kab. Bogor</p>	
7.	<p>Wasta : Muhamad Fadilah Umur : 22 taun Wanda Baga : Lalaki Pakasaban : Guru SD Kalungguhan : Masyarakat Umum (Dewasa) Padumukan : Kp. Banjarwaru RT 03 RW 02 Ds. Banjarwangi Kec. Ciawi Kab. Bogor</p>	

8.	Wasta : Melinda Nurrohmah Umur : 22 taun Wanda Baga : Awéwé Pakasaban : Wiraswasta Kalungguhan : Masarakat Umum (Déwasa) Padumukan : Kp. Banjarwaru RT 02 RW 02 Ds. Banjarwangi Kec. Ciawi Kab. Bogor	
9.	Wasta : Muammar Fierly Syamudra Umur : 13 taun Wanda Baga : Lalaki Pakasaban : Pelajar Kalungguhan : Masarakat Umum (Rumaja) Padumukan : Kp. Banjarwaru RT 03 RW 02 Ds. Banjarwangi Kec. Ciawi Kab. Bogor	
10.	Wasta : Siti Syahla Ru'la Alichiea Putri Umur : 14 taun Wanda Baga : Awéwé Pakasaban : Pelajar Kalungguhan : Masarakat Umum (Rumaja) Padumukan : Kp. Banjarwaru RT 03 RW 02 Ds. Banjarwangi Kec. Ciawi Kab. Bogor	

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji tahapan dina panalungtikan pikeun meunangkeun data. Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha téhnik pikeun ngumpulkeun data, nyaéta:

1) Téhnik Obsérvasi

Nurutkeun Satori, spk. (2014, kc. 105) obsérvasi mangrupa cara pikeun niténan hiji objék nu ditalungtik boh sacara langsung boh teu langsung pikeun

Annisa Rizkyani, 2022

UPACARA ADAT NGABUNGBANG DI DÉSA CIMANDÉ KACAMATAN CARINGIN KABUPATEN BOGOR
 PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP/MTS KELAS VIII
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

meunangkeun data nu kudu dikumpulkeun dina panalungtikan. Obsérvasi mangrupa téhnik utama dina ngumpulkeun data panalungtikan kualitatif. Téhnik obsérvasi teu sarua jeung téhnik interviu, sabab téhnik obsérvasi mah leuwih lega ambahanana, teu ngan saukur manusa wungkul, tapi sakabéh wanda dina wangun naon waé bisa ditalungtik ngaliwatan téhnik observasi langsung ka lapangan (Satori, spk., 2014, kc. 104).

2) Wawancara

Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 304) wawancara mangrupa téhnik ngumpulkeun data dumasar kana diri réspodén ngeunaan dirina sorangan (*self-report*), atawa sakurang-kurangna ngeunaan élmu pangaweruh tur kayakinan pribadina sorangan. Nurutkeun Stainback (dina Sugiyono, 2019, kc. 305) panalungtik bakal mikanyaho naon waé hal sipatna leuwih jero ngeunaan partisipan dina méré ajén atawa ngainterprétasi kaayaan tur fénomena nu aya, di mana ieu hal teu bisa dimeunangkeun ngaliwatan téhnik obsérvasi. Esterberg (dina Sugiyono, 2019, kc. 305) ngabédakeun wawancara jadi sababaraha rupa nyaéta waawancara terstruktur, wawancara semi terstruktur, jeung waawancara tak berstruktur.

Ieu panalungtikan, ngagunakeun wawancara semi terstruktur. Wawancara semi terstruktur miboga tujuan sangkan naon anu jadi masalah dina ieu panalungtikan bisa kaguar sacara leuwih jéntré, dimana pihak nu diajak wawancara dipiharep bisa nétélakeun pamadegan tur ide-ide anu dipimilikna (Sugiyono, 2019, kc. 306).

3) Dokuméntasi

Hornby (dina Satori, spk., 2014, kc. 146) nétélakeun yén dokuméntasi nyaéta hiji hal dina wangun tinulis atawa citakan nu miboga fungsi pikeun jadi hiji catetan atawa bukti. Dokuméntasi mangrupa panglengkep dina panalungtikan kualitatif nu ngagunakeun téhnik obsérvasi tur wawancara. Dokuméntasi nyaéta ngumpulkeun dokumén jeung data-data nu dipikabutuh dina panalungtikan. Hasil obsérvasi atawa wawancara bakal miboga krédibelitas atawa bisa dipercaya lamun didukung ku dokumén nu miboga pakait jeung naon anu ditalungtik (Satori, spk., 2014, kc. 149).

Salian éta, panalungtik oge ngagunakeun téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka nyaéta salah sahiji téhnik ngumpulkeun data tina sababaraha réferénsi saperti buku, artikel, jurnal nu patali jeung ieu panalungtikan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, ngolah, jeung ngadéskripsikeun sagala informasi anu ditarima. Instrumén dina ieu panalungtikan, nyaéta:

a) Alat rekam

Alat rekam mangrupa alat nu dipaké pikeun ngumpulkeun data lisan. Alat rekam miboga fungsi pikeun ngarekam sakabéh paguneman antara panalungtik jeung réspóndén (Sugiyono, 2019, kc. 314).

b) Kaméra

Kaméra miboga fungsi pikeun motrét lumangsungna prosés panalungtikan. Ku ayana foto, bisa ngaronjatkeun tingket sah henteuna panalungtikan nu dilakukeun (Sugiyono, 2019, kc. 314).

c) Buku catetan

Buku catetan miboga fungsi pikeun nyatet sakabéh paguneman jeung sumber data (Sugiyono, 2019, kc. 314).

d) Kartu data narasumber

Kartu data dipaké pikeun ngeusian idéntitas narasumber. Kartu data nu dipaké nyaéta:

Tabél 3.7 Kartu Data Narasumber

Kartu Idéntitas Narasumber	
Wasta	
Umur	
Wanda Baga	
Pakasaban	
Kalungguhan	
Alamat	
Tandatangan	

e) Padoman wawancara

Padoman wawancara eusina mangrupa daptar patalékan anu dipaké jadi padoman dina waktu ngawawancara narasumber. Sabari ngawawancara, dipaké ogé alat rékam sangkan sakabéh informasi ti narasumber bisa kajaring sacara gembleng.

Patalékan nu jadi padoman dina waktu ngawawancara pikeun ieu panalungtikan, nyaéta:

Tabél 3.8 Padoman wawancara pikeun sesepuh, panata calagara, jeung atawa perangkat Désa Cimandé

No.	Patalékan
1.	Kumaha asal-usul upacara adat ngabungbang di Désa Cimandé?
2.	Naon udagan dilaksanakeunna upacara adat ngabungbang?
3.	Kumaha kaayaan upacara adat ngabungbang baheula?
4.	Kumaha kaayaan upacara adat ngabungbang ayeuna?
5.	Aya atawa henteu pakait upacara adat ngabungbang jeung penca silat Cimandé?
6.	Aya atawa henteu bébédaan atawa ciri has tina ngabungbang nu aya di Cimandé jeung ngabungbang di tempat séjén?
7.	Iraha waktu jeung dimana upacara adat ngabungbang dilaksanakeun?
8.	Ti jam sabaraha nepi ka jam sabaraha upacara adat ngabungbang dilaksanakeun?
9.	Saha waé anu kalibet dina upacara adat ngabungbang?
10.	Saha waé jalma anu bisa miluan upacara adat ngabungbang? Naha aya pasaratan husus?
11.	Aya kagiatan naon waé dina upacara adat ngabungbang?
12.	Kumaha prak-prakan kagiatan upacara adat ngabungbang?
13.	Aya atawa henteu aturan husus nalika rék ilubiung dina upacara adat ngabungbang?
14.	Naon waé anu kudu disadiakeun nalika rék ngalaksanakeun upacara adat ngabungbang? Naon fungsi tur ma'na na?
15.	Naha aya mamala atawa henteu lamun urang teu ngalaksanakeun upacara adat ngabungbang?

Tabél 3.9 Patalékan pikeun warga masarakat nu sok ilubiung dina kagiatan ngabungbang di Désa Cimandé

No.	Patalékan
1.	Naon nu jadi motivasi atawa tujuan sadérék/bapa/ibu pikeun ilubiung dina diayakeunna ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor?
2.	Tos sabaraha kali sadérék/bapa/ibu ilubiung dina kagiatan ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor?
3.	Naon mangpaat nu karasa ku sadérék/bapa/ibu lamun ilubiung dina kagiatan ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor?

3.5 Téhnik Ngolah Data

Ngolah jeung nganalisis data mangrupa bagian penting dina panalungtikan. Sabab dina ieu bagian, data anu geus dipimilik ku urang salaku panalungtik bakal dipedar jadi sababaraha bagéan nepi ka naon anu jadi masalah dina panalungtikan bakal kaguar ngaliwatan ieu bagian. Dina ieu panalungtikan, data anu geus dikumpulkeun tuluy diolah tur dianalisis ngaliwatan léngkah-léngkah saperti di handap:

- a) Mariksa data nu geus dikumpulkeun tina hasil obsérvasi, wawancara, dokuméntasi, jeung talaah pustaka.
- b) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data ngeunaan sajarah jeung kamekaran upacara adat ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor.
- c) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data ngeunaan prak-prakan upacara adat ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor.
- d) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data ngeunaan udagan diayakeunana upacara adat ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor.
- e) Nyusun bahan pangajaran artikel seni budaya Sunda tina data anu geus dianalisis tur didéskripsikeun.

- f) Nyieun kacindekan hasil panalungtikan tina data anu geus kapaluruh.